


Esterilè an kuiv (aparèy anndan matris)

Paragard, esterilè san òmòn, Esterilè an kuiv ki gen fòm T (Copper T)



Kijan esterilè an kuiv la fonksyone ?



- Esterilè an kuiv la anpeche gwosès, paske **kuiv la andomaje espèm yo**. Kuiv la fè espèm yo pa ka deplase, oswa « naje » kòm sadwa. Espèm lan pa ka deplase al kote ze a ye, pou fekonde l.
- Esterilè an kuiv la mache pou moun ki gen **nepòt pwa, nepòt laj, ak moun k ap fè terapi avèk òmòn, pou afime idantite sèks yo**.

Kijan pou w itilize esterilè an kuiv la ?

replase l chak
10 - 12 zan

Ou dwe **al wè yon pwofesyonèl lasante** pou w kòmanse ak sispann itilize esterilè an kuiv la.

Yon fwa yo mete esterilè an kuiv la anndan matris ou, pa gen anyen ou dwe fè, pou w pa ansent, jiskaske lè a rive pou ranplanse li.

- **Pou mete l :** Se yon pwosedi pwofesyonèl lasante a fè, pou mete **esterilè la anndan matris ou**. L ap netwaye kòl matris ak bouboun ou, epi mete esterilè a anndan matris ou. Se yon kramp pifò moun santi, lè y ap fè pwosedi a. Pwofesyonèl lasante w ka ba ou anesthesi, nan kòl matris la, pou diminye malèz la. Lè l fini, l ap taye fil esterilè a. Gen kèk moun ki gen kramp, oswa bay ti san, apre pwosedi a ; lè w pran yon dòz medikaman pou doulè, avan yo mete esterilè a, li ka ede w ak kramp apre pwosedi a. Yon fwa yo mete esterilè la, ou pa ka santi li anndan ou.
- **Pou retire l :** Menm lè esterilè an kuiv ka rete pou 10 a 12 zan, **ou ka fè retire l nepòt lè ou vle, pou kèlkeswa rezon an**. Pou retire esterilè a, pwofesyonèl lasante w la ap tire sou fil yo, epi fè esterilè a ap pase pa kòl matris ou, ansuit nan bouboun ou, pou retire l. Sa ka lakoz kramp, men nòmalman gen mwens malèz pase lè y ap mete l la. Si ou vle, nan menm lè a, ou ka fè yo mete yon lòt esterilè pou ou.



Entimite ak kontwòl

- Ou bezwen yon pwofesyonèl lasante, pou w kòmanse ak sispann itilize esterilè an kuiv la. Li ta ka posib pou w retire esterilè la a poukont ou, si ou rive touche fil yo, ou ka rale yo, menm jan pwofesyonèl lasante w t ap fè.
- Patnè w la ka santi fil esterilè yo avèk dwèt li, oswa pijon li, lè n ap fè sèks. Si sa rive, e si li jenan, pwofesyonèl lasante w la ka taye fil la, pou fè l vin pi kout.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansanm ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa p ka wè si w ap itilize metòd sa a.
- Si gen nepòt lòt moun, k ap suiv lè ou gen règ ou, li ka remake yon chanjman nan lè w gen règ ou.

Lè w kòmanse itilize esterilè an kuiv la, èske l ap fè efè imedyatman ?



Wi, l ap fè efè imedyatman.



Esterilè a gen dwa pa apwopriye pou moun ki gen, oswa ki te gen

- Yo fè alèji ak kuiv
- Yo gen pwoblèm senyen
- Yo gen defòmasyon nan matris
- Yo gen kansè nan matris, nan kouch ki kouvri anndan matris la, oswa nan kòl matris
- Yo gen maladi ki transmèt nan fè sèks, oswa pwoblèm enflamasyon anbativan nan moman an.

Lis sa a pa konplè ; kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou sitiyasyon sante ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




Itilize planin an ijans, si

- **Esterilè w la soti, men sa ki rive raman.** Li pa danjere. Ou gen dwa pa santi li, oswa li enkonfòtab. Si esterilè w soti, yo ka ba ou yon lòt.
- **Esterilè an kuiv la se yon fòm planin an ijans,** si yo mete li jiska 5 jou (120 tèdtan) apre ou fin fè sèks. Kèlkeswa pwa ou genyen an, li 99% efikas. Ou ka kite li nan matris la kòm planin, oswa retire l, pwochen fwa ou gen règ ou.

Èske esterilè an kuiv la bon anpil pou anpeche gwosès ?

- **Mwens pase 1 nan 100 (ki vle di : 0,8) moun ki itilize esterilè an kuiv la ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **99,2% efikas.**
- Piske pa gen anyen pou w fè, pou w pa ansent, yon fwa yo mete esterilè a pou ou, pa gen erè moun k ap itilize esterilè a ka fè, ki ka fè yon diferans ant itilizasyon nòmral e itilizasyon pafè.
- Esterilè a ka soti (soti deyò pou kont li), sa ki rann li pa efikas. Sa rive raman, men ou pa gen kontwòl sou sa. Si w itilize yon kapichon pou règ (an anglè ; menstrual cup), li ka ogmante risk pou esterilè a soti.



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Yo pa p anpeche yo.

- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

Règ : Ka afekte.

- Esterilè an kuiv a ka lakoz ou bay ti san, nan entèval règ ou.
- Esterilè an kuiv a ka lakòz règ ou dire pi lontan, oswa vin anpil

Doulè lè w gen règ : Ka vin pi mal.

Pwa : Pa gen efè.

Akne : Pa gen efè.

Ou vin ka fè pitit ankò : Lè w sispann itilize esterilè an kuiv la, ou ka vin ansent tousuit.

Kèk lòt efè segondè ki posib :

- Anemi
- Enfeksyon nan bouboun
- Doulè nan senti.

Esterilè an kuiv a ka ede diminye risk pou w fè : kansè nan matris

Itilizasyon apre akouchman

Ou **ka itilize esterilè a, san danje, tousuit apre akouchman.** Yo ka mete l, tousuit apre akouchman (natirèl ak sezaryèn), oswa avan w kite lopital la. Lè yo mete l tousuit apre akouchman an, li ka bay mwens doulè pase lè se nan klinik la yo mete l. Gen plis risk pou l soti nan matris la, lè se nan lopital la yo mete l, men yo ka remete ankò nan klinik. Li pa gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe a.

Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Doulè nan fè sèks
- Doulè nan vant, oswa doulè anbativant
- Kranp grav
- Ekoulman ki pa nòmral.
- Règ ki pa vini
- Fil esterilè yo vin pi long
- Esterilè a soti deyò, oswa ou santi l
- Si ou eseye touche fil yo, epi ou pa kapab
- San an ki vini anpil, oswa senyen ki pa nòmral

Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- Èske m ka fè on bagay pou diminye kranp lan, oswa règ ki vin ak anpil san an ?
- Èske patnè m nan ap santi fil yo, lè n ap fè sèks ?
- E si ou vle sispann itilize esterilè an kuiv la, avan 10 a 12 zan rive ?
- Kijan m ap fè konnen si esterilè a soti ?
- Èske m ka itilize kapichon pou règ la ?
- Èske medikaman ka fè m gen mwens doulè, lè y ap mete esterilè a ?
- Èske m ka retire esterilè a poukont mwen ?

Tcheke yon gid sou planin, ak papyè ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

